



GID POU SÈVIS ELÈV

Lekòl Segondè Kominotè West Boca

ABSANS AK RETA..... ERROR!
BOOKMARK NOT DEFINED. - 3

NÒT POU ABSANS **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**
 ABSANS KI JISTIFYE **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**
 ABSANS KI PA JISTIFYE **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**
 RETA..... **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**

PÈMISYON POU KITE BONÈ..... ERROR!
BOOKMARK NOT DEFINED. - 4

LESEPASE MOV 3
 KI JAN POU JWENN YON LESEPASE MOV..... 3

TELEFÒN ELÈV YO KONFISKE..... ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.

CHANJE NIMEWO TELEFÒN OSWA ADRÈS ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.

DEPOZE OBJÈ POU YON ELÈV.....6

VOLONTARYA.....7 - 8

KI JAN POU ENSKRI KÒM VOLONTÈ..... **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**
 APRE LÈ LEKÒL OSWA FEN SEMÈN..... 7
 AKSÈ SOU ENTÈNÈT..... **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**
 KESYON SOU VOLONTARYA **ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.**

DEJENE GRATIS..... ERROR! BOOKMARK NOT DEFINED.

Absans ak Reta

Nòt pou Absans

Yo pa aksepte apèl telefonik/imèl/faks pou retire yon absans. Yo dwe pote yon lèt nan biwo Sèvis pou Elèv (*Student Services*) nan de (2) jou elèv la retounen lekòl.

Nòt la dwe genyen enfòmasyon ki anba a:

- Tout non elèv la
- Nimewo ID elèv la
- Dat absans (yo)
- Rezon absans la
- Siyati paran
- Nimewo telefòn paran

Remak: Tanpri, fè sèten nòt la byen lizib. Nou pa vle pran responsablite pou nòt ki gen enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa lizib.

Absans Jistifye

Sa ki anba a kalifye kòm absans ki “jistifye”:

- Elèv malad – Si yon elèv toujou ap malad ak absan souvan lekòl, li dwe sou sipèvizyon yon doktè pou l kapab resevwa yon ekskiz pou absans
- Randevou medikal
- Lamò nan fanmi an
- Obsèvasyon yon fèt oswa sèvis relijye ki rekonèt pa tout manb kap pratike fwa a
- Asiyasyon pa lapolis oswa manda pou konparèt nan tribinal

Absans Non Jistifye

Yon absans ki pa jistifye se nenpòt absans ki pa tonbe nan kategori absans jistifye ki anwo a.

Remak: Vakans ak fanmi pa absans jistifye.

Reta

Yo konsidere yon elèv anreta si l rive avan 50% klas la fini. Si elèv la rive apre 50% klas la fini, elèv la ap konsidere kòm absan.

Elèv ki rive anreta nan nenpòt klas pral resevwa yon reta ki pa jistifye avèk konsekans ki anba yo:

- 2^{yèm} reta ki pa jistifye pou semèn nan kapab lakoz yon Detansyon Lekòl Samdi

Egzanp Reta Jistifye:

- Nòt doktè
- Maladi
- Konparisyon nan tribinal

Egzanp Reta Non Jistifye:

- Reveye twò ta
- Pèdi otobis pou vin lekòl
- Yon nòt ki pa gen rezon pou anreta

Pèmision pou Kite Bonè

Purple Passes (Lese pase Mov)

Yon Lese pase Mov obligatwa pou yon elèv kite kanpis la avan fen jounen lekòl la. Lese pase Mov la disponib pou lè elèv yo ap kite pou randevou doktè ak lòt ijans.

Remak: Nan jou gen tès leta kap fèt, yap konsidere West Boca tankou yon lekòl ki fèmen. Sa vle di PA gen *lese pase mov* kap bay. *Sonje sa yo pap bay lese pase mov apre 2:30*****

Ki jan pou jwenn yon Lese pase Mov (*Purple Pass*)

Gen twa (3) fason pou jwenn yon *Purple Pass*.

Nòt Ekri (**REKÒMANDE POU LESEPASE PRESI RAPID**)

Pou mande yon *Purple Pass* elèv la dwe pote yon nòt nan *Student Services* avan premye klòch la sonnen. Nòt la dwe genyen enfòmasyon ki anba a:

- Tout non elèv la
- Nimewo ID elèv la
- Lè elèv la lage
- Rezon pou *Purple Pass* la
- Siyati paran
- Nimewo telefòn paran

Pa Telefòn

Paran/Responsab kapab rele *Student Services* nan 561-672-2942 oswa 561-672-2029. Apèl la dwe ranpli kritè ki anba a:

- Apèl la dwe fèt omwen inèdtan avan lè pou vin chèche a.
- Apèl la KAPAB SÈLMAN fèt pa yon PARAN / RESPONSAB ki nan dosye elèv la.
- Apèl la dwe fèt nan yon nimewo telefòn ki klase nan dosye elèv la.

An Pèsòn

Ou kapab jwenn yon *Purple pass* an pèsòn lè w vizite *Student Services*. Tanpri note lè yo mande yon *Purple Pass* an pèsòn, li pran 30 minit oswa plis pou fè elèv la soti nan klas la. Moun ki siyen pou vin pran elèv la dwe ranpli kritè ki anba a:

- Prezante yon foto ID gouvènman an bay
- Non w dwe figire sou lis kontak enfòmasyon elèv la.

Plas Reyinyon

Si pitit ou a te gen yon *purple pass* pa telefòn/nòt, alò li pral rankontre w devan lekòl la. Otreman, paran an ap gen pou l siyen elèv la nan *Student Services* avèk foto ID.

Retounen Lekòl

Si yon elèv retounen lekòl apre li te fin jwenn yon “*Purple Pass*” (lèse pase mov), li dwe retounen

- Avèk *Purple Pass* la nan *Student Services* avèk nimewo elèv yo nan do *Purple Pass* la.
- Yon nòt Paran / Responsab la ekri
- Yon Fòm / fich ekskiz Dr. oswa Dantis la

Telefòn yo Sezi nan men Elèv

Lè lekòl la sezi yon telefòn, se paran oswa responsab la sèlman ki kapab vin pran li avèk foto ID. Yo kapab vin pran telefòn yo ant 7:30 AM ak 3:30 PM sèlman nan biwo Sèvis pou Elèv.

Lè yo sezi telefòn yo, men pinisyon yap bay:

- Yon (1) ofans ap antrene yon avètisman
- De (2) ofans ap antrene yon detansyon lekòl Samdi
- Twa (3) oswa plis ofans y ap refere l bay Asistan Direktè/tris la pou plis aksyon disiplinè.

Chanjman Nimewo Telefòn oswa Adrès

Chanjman adrès oswa nimewo telefòn kapab sèlman fèt an pèsòn nan biwo sèvis elèv la. Nou p ap aksepte okenn chanjman pa telefòn. Li enpòtan pou ou fè lekòl la konnen imedyatman si gen nenpòt chanjman nan adrès oswa nimewo telefòn.

Chanjman Nimewo Telefòn

Pou w chanje yon nimewo telefòn, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Prezante yon foto ID gouvènman bay
- Non ou dwe deja figire sou lis enfòmasyon kontak elèv la.

Chanjman Adrès

Pou chanje yon adrès, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Prezante yon foto ID gouvènman an bay
- Non ou dwe deja figire sou lis enfòmasyon kontak elèv la.
- **Nenpòt nan de anba yo ki gen adrès ou parèt klèman ladan:**
 - Papyè Deklarasyon Bank
 - Bòdwo
 - Papyè pwopriyetè kay oswa kontra lwaye

Depoze Materyèl pou Yon elèv

Nou gen etajè liv nan biwo Sèvis Elèv la pou Paran / Responsab materyèl pou pitit yo.

Etajè pou Depoze

WEST BOCA PA RESPONSAB POU OKENN MATERYÈL PARAN DEPOZE POU PITIT YO.

- Tanpri sonje sa, se PA responsablite nou pou enfòmè pitit ou pou li pran materyèl yo.
- Nan fen jounen an, n ap voye jete tout sa ki kapab gate.

Volontarya

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, nan enterè pou kenbe timoun nou yo an sekirite, ap aplike sistèm kontwòl pou vizitè atravè pwogram “V-Soft Raptor” (yo rele pwogram nan *Raptor*). *Raptor* pèmèt lekòl yo kreye badj pou vizitè, kontwòle lè volontè yo, epi elektwonikman tyeke tout vizitè pou ofansè seksyèl ki enskri nan bazdone yo. Objektif jeneral la se pou ogmante sekirite nan lekòl nou yo.

Kòman pou Enskri Kòm yon Volontè

Tanpri, vizite biwo devan an nan Lekòl Segondè West Boca. Biwo devan an se SÈL mwayen pou enskri nan sistèm *Raptor* a. Pwogram *Raptor* a ap ofri yon bazdone elektwonik k ap montre èdtan volontè a fè ak travay li fè nan lekòl la.

Pandan premye vizit ou, prepare ou pou w bay sa anba yo:

- Yon Lisans Chofè oswa Paspò
- Adrès lakay
- Nimewo telefòn
- Adrès Imèl
- Klib, klas, oswa evènman ak lokasyon ou ta renmen sèvi kòm volontè a.
- W ap kreye yon aksè sou entènèt.

Après yo fin kolekte enfòmasyon w epi *Raptor* a apwouve ou, yo konsidere w enskri kòm volontè pou tout lòt vizit pandan senk an.

Nan chak vizit, biwo a ap chèche non ou nan lis vizitè a epi enprime yon badj ak foto ou kote w ap gen pou w pote li sou ou toutan pandan w ap ofri sèvi volontè a. Li trè enpòtan pou w enfòm biwo devan an lè w ap soti pou yo kapab tyeke depa nan sistèm nan pou jounen an.

Après Klas oswa nan Fen Semèn yo

Si ou fè sèvis volontè après klas oswa nan fen semèn pou klib, klas, band, koral, teyat oswa atletik, ou kapab rapòte lè sa yo pa mwayen imèl. Senpleman imèl

Kowòdonatè Volontè a nan Julie.Westover@palmbeachschools.org. Fè sèten imèl ou a enkli:

- Tout non ou jan ou te enskri a
- Imèl ou gen nan sistèm nan
- Nan ki aktivite ou te bay sèvis volontè ak nan ki lokal
- Kantite èdtan ou te bay kòm volontè .

Aksè sou Entènèt

Après ou fin enskri epi kreye yon modpas, ou kapab siyen sou nenpòt òdinatè nan yon sit entènèt ki fèt pou volontè.

- Sèlman ale nan: www.v-volunteer.com.
- Ou kapab siyen ak adrès imèl ou epi modpas ou te kreye a.

Kesyon Konsènan Sèvis Volontè

Si ou gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm, tanpri imèl kowòdonatè nou nan Lekòl Segondè West Boca Julie Westover nan Julie.Westover@palmbeachschools.org.

DEJENE GRATIS

West Boca Ofri DEJENE GRATIS POU TOUT ELÈV

Lendi – Vandredi soti 6:45 rive 7:20 nan Kafeterya a

Atansyon:

West Boca High School
Students/Parents/ Guardians

Règleman Sou Sèvis Elèv, prensip ak enfòmasyon sou sa k ap vini disponib nan sit entènèt lekòl nou an.

<http://westbocahighschool.net>
